

THE COLLEGE BOARD

SAT Test Directions Translated into HAITIAN CREOLE for Students

Spring 2019 School Day Testing Only

Notes to the Proctor:

Your school may be offering both the SAT (no Essay) and SAT with Essay. The College Board now allows schools to combine students with both test options in a single standard room. This translated script includes a section of translated test directions for EL students testing in a combined room.

Printing this document for your students: These translated directions are grouped into several parts for students: Part 1 (Notes to Student), Part 2 (Standard SAT Script Through Math Test – No Calculator), Part 3 (Standard SAT Script: Math Test – Calculator and SAT Essay), and Part 4 (Combined Room SAT Standard Script: Math Test – Calculator and SAT Essay).

- If testing in a standard room that is UNCOMBINED, or in an accommodated room, print Parts 1–3. Omit Part 4.
- If testing in a standard room that is COMBINED, print Parts 1–2, and 4. Omit Part 3.

Using this document on test day:

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

Tabdèmatyè

Notes to the Proctor:	1
1 Nòt pou Elèv.....	3
2 Ekriti SAT Estanda pa mwayen Tès Matematik – Kalkilatris Entèdi	4
2.1 Anvan Tès la Kòmanse	4
2.2 Distribisyon Fèy Repons la	5
2.3 Distribisyon Liv Tès	7
2.4 Esplikasyon pou Kouvèti Devan an	9
2.5 Eksplikasyon pou Kouvèti Dèyè a.....	10
2.6 Seksyon 1 – Tès Lekti	11
2.6.1 Pou Poz la	12
2.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la.....	12
2.7 Deklarasyon Sètifikasiyon	12
2.8. Seksyon 2- Tès Ekriti ak Langaj.....	12
2.8.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la.....	13
2.9 Seksyon 3–Tès Matematik – San Kalkilatris	14
2.9.1 Pandan Poz la.....	14
2.9.2 Eksplikasyon pou Seksyon 3 Liv Tès la.....	15
3 Tèks Estanda SAT a Tès Matematik - Kalkilatris ak Redaksyon SAT	17
3.1 Seksyon 4–Tès Matematik – Kalkilatris	17
3.1.1 Pandan Pòz la.....	18
3.1.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la.....	19
3.2 Redaksyon SAT	21
3.2.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la	22
3.3 Lès Tès La Fini.....	22
3.4 Ranpli Fèy Repons yo	23
3.5 Koleksyon Fèy Repons.....	25
4 Ekriti SAT Estanda Sal Konbine Tès Matematik - Kalkilatris ak Redaksyon SAT.....	26
4.1 Seksyon 4–Tès Matematik – Kalkilatris	26
4.1.1 Eksplikasyon pou Seksyon 4 Liv Tès la.....	28
4.2 Nòt ki Fini ap Ranvwaye.....	30
4.3 Ranmasaj Fèy Repons	31
4.4 Redaksyon SAT	31
4.4.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la	33
4.5 Anvan yo Voye Elèv yo Ale	33

1 Nòt pou Elèv

- Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikasyon siveyan an pral li byen fò avèk eksplikasyon ekri w ap jwenn nan liv egzamen w lan. Swiv ansanm ak siveyan w lan pandan l ap li enstriksyon yo byen pou ou. Eksplikasyon tradwi sa yo gen dwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan w lan ap li yo; men, enfòmasyon enpòtan yo rete menm. Si w gen kesyon sou sa siveyan w lan ap li a, tanpri leve men w.
- Siveyan w lan ka sote kèk eksplikasyon ki pa aplike pou tès ou an.
- Ou ka kite dokiman sa a sou biwo w lan pandan tout dire tès la, men ou dwe remèt li bay siveyan an apre tès la.
- Ou PA dwe itilize dokiman sa a pou papye bouyon.
- Tanzantan, siveyan w lan pral anonse kantite tan ki rete nan seksyon an, ak lè pou poz yo tou lè sa apwopriye. Si w ap fè egzamen an ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo kapab diferan de tan an ak poz ki nan dokiman tradwi sa a. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.
- Si w ap fè tès la ak aranjman ki apwouve, siveyan w lan kapab ba w eksplikasyon anplis an Anglè.
- Yo itilize senbòl nan tout dokiman sa a pou atire atansyon w sou enfòmasyon espesifik yo:



Enfòmasyon Enpòtan



Eksplikasyon siveyan ou an te li yo



Esplikasyon ou jwenn nan liv tès ou a

2 Ekriti SAT Estanda pa mwayen Tès Matematik – Kalkilatris Entèdi

2.1 Anvan Tès la Kòmanse

Siveyan w lan pral kòmanse pandan l ap:

- Bonjou. Jodi a ou pral fè SAT la. Sa a se chans ou pou montre ki jan ou prepare pou inivèsite ak karyè ou.

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan eksplikasyon mwen ba w yo, tanpri poze yo, konsa ou ka asire w ap bay pi bon travay posib. Si w ap itilize eksplikasyon enprime yo tradwi a, louvri ti liv la kounyeya pou swiv ansanm avè m pandan m ap bay enstriksyon yo.

Apresa siveyan w lan pral di:

- Konsèy Inivèsite a te kreye règleman pou bay chak nan nou yon opòtinite egal pou montre konpetans ak konesans nou. N ap voye nenpòt moun ale epi anile nòt li yo si li eseye fè nenpòt nan bagay sa yo pou jwenn avantaj enjis:

- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd pandan tès la
- Gade nan liv tès la anvan yo kòmanse tès la
- Travay nan move seksyon an oswa ale nan seksyon ki anvan an oswa apre a nan liv tès la oswa nan fèy repons lan
- Itilizasyon yon kalkilatris pandan yon seksyon ki pa mande kalkilatris (amwenske li apwouve pou yon aranjman)
- Make repons yo apre yo di lè a rive
- Pataje kesyon tès la ak nenpòt moun pandan tès la oswa apre tès la
- Sèvi ak nenpòt èd ki pa otorize pou fè tès la, ki enkli telefòn, pandan tès la oswa pandan poz yo
- Eseye fè tès la pou yon lòt moun

Enplikasyon w nan nenpòt nan aktivite sa yo kapab afekte kapasite w pou fè tès Konsèy Inivèsite yo pi devan.

Yo ka ranvwaye w tou pou:

- Manje oswa bwè pandan tès la (sòf si lekòl la apwouve sa tankou yon aranjman- si sa pa t apwouve, yo pèmèt manje ak bwè sèlman pandan poz yo)
- Lakòz nenpòt latwoublay oswa distrè lòt elèv yo
- Ale nan kazyé w oswa kite batiman an nan lè poz yo

W ap gen jiska 11:59 p.m. Tan Zòn Lès sou 4yèm jou apati lè tès la te fini pou depoze yon plent pou jou tès la. Si w wè nenpòt konpòtman ki lakòz ou enkyete, tanpri enfòme siveyan egzamen an, ki pral eksplike kijan pou kontakte Konsèy Inivèsite a. Èske w gen nenpòt kesyon?

Si lekòl ou an te ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Kounyeya nou ta dwe remèt tout telefòn yo, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik. Si yon moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt kalite, tanpri dezaktive tout alam, fèmen I, epi remèt mwen li kounyeya, m ap remèt ou li ankò lè tès la fini.

Si lekòl ou an PA ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Nan moman sa a, si w gen yon telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men w, ou dwe dezaktive tout alam, fèmen I nèt, epi mete I sou kote anba biwo ou a jiskaske tès la fini. Si w bezwen yon sak plastik pou mete telefòn ou, leve men w epi m ap ba w youn. Nenpòt aparèy elektwonik ki pa fèmen epi ki pa mete akote kapab konfiske epi y ap enspekte sa li gen ladan I jan sa fèt nan yon envestigasyon. Si telefòn pòtab ou an fè yon bri pandan I sou ou, y ap voye w ale.

Apresa siveyan w lan pral di:

- Si mwen wè nenpòt elèv ak yon telefòn ki limen sou li, m ap voye elèv sa ale.

Apresa siveyan w lan pral di:

- Kounyeya nou pral kòmanse tès la.
 - Retire tout bagay sou biwo w lan eksepte kreyon w yo ak kalkilatris ki otorize.
 - Si ou te pote yon kalkilatris oswa batri derezèv, mete yo deyò epi mete yo atè a anba biwo w lan.
 - Mete nenpòt boutèy dlo ak ti manje anba biwo w lan. Si w genyen nenpòt sachè oswa valiz do ki rete nan biwo w lan, fèmen yo epi kite yo anba biwo w lan jiskaske tès la fini.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- Mwen pral pran yon moman pou fè yon ti gade pou asire w ap itilize kalkilatris ki otorize yo.

Apresa siveyan w lan pral di:

- Ou pa dwe pataje oswa boukante kalkilatris nenpòt lè. Kounyeya mete kalkilatris ou an anba biwo w lan. Se jis nan yon seksyon ki vini apre a w ap bezwen I.

2.2 Distribisyon Fèy Repons la

Aprè yo fin distribye fèy repons yo, siveyan w lan pral di:

- Sa yo se fèy repons yo nou pral itilize pou make repons nou yo sou tès la. Si w ap itilize yon fèy repons gwo blòk, li eksplikasyon yo ki nan paj devan fèy repons lan kounyeya. Nimewo paj ou yo pral diferan ak sa mwen anonse yo, men nimewo seksyon yo pral menm ak nimewo seksyon mwen bay tout moun yo. Ou pral make kare yo ak yon X olye w ranpli ti wonn yo.

Aprèsa, siveyan w lan pral di:

- 👉 Tanpri verifye pou asire bon non legal ak vrè dat ou te fèt la ekri sou fèy repons lan. Si fèy repons ou an gen yon antèt, tanpri verifye si li kòrèk. Leve men w si yo pa te ba w bon fèy repons lan oswa si w jwen nenpòt erè nan etikèt la.

Si tout moun fin ranpli ranje obligatwa yo, siveyan w lan pral sote pou ale nan Distribisyon Liv Tès la nan paj 7.

Si ou menm oswa lòt elèv yo bezwen ranpli ranje obligatwa yo nan fèy repons lan, siveyan w lan pral di:

- 👉 Si fèy repons ou an gen non ki kòrèk ak lòt enfòmasyon ki ranpli sou li, tanpri chita byen kalm pandan kèk minit pandan m ap dirije lòt etidyan pou ranpli ranje obligatwa yo sou fèy repons yo.

Si lekòl ou an itilize Etikèt Pre-Idantifikasiyon, siveyan w lan pral di:

- 👉 Si fèy repons ou an genyen etikèt sou li, tanpri verifye l kounyeya pou asire li genyen enfòmasyon ki kòrèk yo. Leve men w si w gen nenpòt kesyon.

Pou seksyon 1 an, siveyan w lan pral di:

- 👉 Si seksyon 1 an vid, ekri siyati legal ou an, premye non w, dezyèm prenon w, (si w gen youn). Mete espas, tirè, oswa apostwòf yo si sa yo fè pati non w. Ekri lèt yo an majiskil nan kare yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Asire w chak mak fonse epi ranpli ti wonn nan nèt. Leve tèt ou lè w fini.

Pou seksyon 2 a, siveyan w lan pral di:

- 👉 Si seksyon 2 a vid epi ou nan lekòl la, mete "Wi" nan ti wonn nan. Tout moun ki ale lekòl sa a souvan ta dwe ranpli ti wonn ki aplike pou yo a. Leve men w si w pa sèten konsènan sa pou w mete ladan.

Pou seksyon 3 ak 4 yo, siveyan w lan pral di:

- 👉 Si seksyon 3 ak 4 yo vid epi ou nan lekòl sa a, enprime non lekòl ou an, vil, ak eta a nan seksyon 3 a; aprèsa enprime kòd 4 chif_____ nou an nan seksyon 4 la epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Leve tèt ou lè w fini.

Si w pa nan lekòl sa a oswa yo te fè lekòl lakay ou, leve men w. M ap vin jwenn ou pou m ba w kòd ki kòrèk pou antre nan seksyon 4 la.

Si se lakay ou yo te fè lekòl pou ou, siveyan ou an pral di w ranpli ti wonn nan pou "Non, se lakay mwen te lekòl" epi antre "970000" nan seksyon 4 a. Si w ale nan yon lòt lekòl, siveyan ou an pral di w pou ranpli ti wonn ki ekri "Non, sa se pa lekòl mwen ale chak jou a," apresa, ranpli enfòmasyon lekòl w yo nan seksyon 3 a. Epitou yo pral ba w kòd lekol la pou antre nan seksyon 4 a.

Pou seksyon 5 lan, siveyan w lan pral di:

- 👉 Nan seksyon 5 lan, ekri epi ranpli ti wonn pou nimewo idantifikasiyon elèv ou an, kòmanse avèk premye kolòn nan bò gòch la. Si gen lèt nan nimewo idantifikasiyon w lan, pa mete yo, sèlman antre nimewo yo san espas ant yo. Si w pa konnen nimewo idantifikasiyon elèv ou an, kite seksyon 5 lan vid. Leve tèt ou lè w fini.

Pou seksyon 6 la, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Nan seksyon 6 la, ranpli ti wonn pou klas w ap fè a

Pou seksyon 7 la, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Nan sekson 7 la, mete tout twa pati yo pou dat ou fèt la. Nenpòt kare ki gen 2 chif dwe kòmanse ak yon zewo si chif la pi piti pase 10. Mete dènye 2 chif ane ou te fèt la. Leve men w si w gen nenpòt kesyon.

Pou seksyon ywit la, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Si seksyon 8 la vid, make ti wonn ki kòrèk la.

Anvan distribisyon liv tès yo, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Si w gen lòt seksyon pou ranpli nan pati nontès (non-test part) fèy repons ou an, ou pral gen yon chans pou ranpli yo aprè tès la fini.

2.3 Distribisyon Liv Tès

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Kounyeya mwen pral distribye liv tès ou yo. Pa louvri yo jiskaske mwen di w fè sa.

Al gade "Eksplikayon sou Kouvèti Devan an" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti devan an.

Apresa siveyan w lan pral di:

- ⓘ Lè w jwenn liv tès la, vire l epi ekri siyati w, prenon w, ak dezyèm prenon w, si w genyen youn.

Kounyeya enprime nimewo kòd lekòl sa a, _____ non lekòl
la_____, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Gade "Eksplikayon sou Kouvèti Dèyè a" nan fen seksyon sa a pou yon tradiksyon kouvèti dèyè a.

Apresa siveyan w lan pral di:

- ⓘ Kounyeya li kouvèti dèyè a. Li gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou make repons yo ak ki jan y ap bay nòt. Lè w fini l, tanpri leve tèt ou.

Èske ou gen kesyon sou sa ou fèk li a?

Aprè tout kesyon yo finn reponn, siveyan w lan pral di:

- ⓘ Enstriksyon ki vin annapre yo kritik pou jan y ap bay nòt pou tès ou an. Si w pa swiv eksplikasyon mwen yo egzakteman jan m bay yo, yo ka pa ba w nòt. Tande ak anpil atansyon.

Asire w ke w ap itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ou fonse sou tout ti wonn yo sou fèy repons lan. Si w chanje repons ou an, efase l nèt. Evite fè nenpòt ki mak, epi pa itilize fèy repons ou an kòm fèy bouyon. Ou pa ka itilize kreyon mekanik.

Pou seksyon A, Kòd Fòmilè a, siveyan w lan pral di:

- ☞ Sou do liv tès ou a, chèche seksyon ki make "Form Code" (Kòd Fòmilè) a." Kopye lèt ak nimewo yo nan seksyon A a nan do fèy repons ou an egzakteman jan yo montre l sou do liv tès ou a epi ranpli ti wonn yo. Si w ap itilize yon fèy repons gwo blòk, ale nan paj 16 la.

Pou kare B a, Test ID, siveyan w lan pral di:

- ☞ Kounye a chèche seksyon ki make "Test ID a" (Identifikasiyon Tès la). Kopye nimewo a nan fèy repons ou an nan seksyon B a.

Pou seksyon C, Nimewo Seri Liv Tès la, siveyan w lan pral di:

- ☞ Gade kouvèti devan liv tès ou a. Jwenn nimewo a nan kwen anwo adwat liv tès la ki make "Nimewo Seri Liv Tès la" epi rantre l nan seksyon C nan fèy repons ou an. Ranpli ti wonn ki koresponn yo.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- ☞ Pran yon moman pou asire w ke seksyon ki gen Kòd Fòmilè, Identifikasiyon Tès la, ak Nimewo Seri Liv Tès la byen ranpli. Li enpòtan pou w antre kòd ki kòrèk yo sou fèy repons ou an. Sinon, ou ka pa resevwa nòt.

Si lekòl ou an te bay Kòd pou sal tès yo, sipèvizi w lan pral di:

- ☞ Nan seksyon D nan fèy repons ou an, mete kòd twa chif sal tès_____, mwen te afiche pou ou an.

OSWA

Si lekòl ou an p ap itilize kòd sal tès yo, siveyan w lan pral di:

- ☞ Kite seksyon D a vid nan fèy repons ou an.

Pou seksyon E a, siveyan w lan pral di:

- ☞ Nan seksyon E a, make ti wonn nan pou tès w ap fè jodi a, mwen te afiche pou ou a. Leve men w si w pa sèten ki tès pou fè.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- ☞ Men kèk bagay enpòtan pou w sonje pandan w ap fè tès la: Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon. Ou ka itilize liv tès la kòm bouyon, men ou dwe make repons ou yo nan fèy repons ou an amwenske yo te ba w pèmisyon pou make yo nan liv tès ou an. Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons ou yo ki nan liv tès ou a nan fèy repons ou an oswa ranpli ti wonn vid yo.

Pandan tès la, kenbe fèy repons ou an ak liv tès la plat nan mitan biwo ou a. Si gen yon bagay ki pa bon nan fèy repons oswa nan liv tès ou an, tankou yon paj ki manke, oswa si ou remake ou te ekri repons yo nan move seksyon an, leve men w.

Pou fini, ou pa dwe retire fèy repons ak liv tès yo nan sal tès la.

Mwen pral mache nan sal la pou tcheke pwogrè w. Mwen pral tou kenbe tan ofisyèl la pou tès la. Ou pral gen tan pou poz pandan tès la lè sa a w ap ka kite sal la pou w pran yon ti goute oswa itilize twalèt la.

Sonje, apre tès la fini, pèsòn pa ka kite sal la jiskaske mwen voye nou ale. Si w gen nenpòt kesyon sou règleman pou tès la, tanpri mande yo kounyeya. Mwen pa ka reponn kesyon pandan tan ki pwograme pou seksyon tès la.

2.4 Esplikasyon pou Kouvèti Devan an



Bagay sa yo ki pi ba a se yon tradiksyon kouvèti liv tès ou an.

RAPÈL ENPÒTAN

1

Ou dwe itilize yon kreyon No. 2 pou tès la. Pa itilize kreyon mekanik oswa plim.

2

Pataje nenpòt kesyon ak nenpòt moun se yon vyolasyon règleman Sekirite ak Onète Tès la epi sa ka lakòz rezulta w yo anile.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈS SA A SAN OTORIZASYON.

© 2018 The College Board. College Board, SAT, ak logo acorn nan se mak komèsyal College Board (Konsèy Inivèsite) la.

2.5 Eksplikasyon pou Kouvèti Dèyè a



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon dèyè liv tès ou an. Lè yo mande w sa, ou ta dwe ekri nan liv tès la oswa nan fèy repons lan, men pa nan dokiman ki tradwi a.

NON W (AN MAJISKIL)

SIYATI

PRENON

DEZYÈM PRENON

LEKÒL

KANTITE

NON LEKÒL

SAL

SAT

EKSPLIKASYON JENERAL

- Ou ka travay sou yon sèl seksyon alafwa.
- Si w fini yon seksyon anvan lè a fini, verifye travay ou pou seksyon sa a. Ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

MAKE REPOS YO

- Asire w ou make fèy repons lan byen.

Mak ki Konplè:



Mak ki pa Konplè:

ENPÒTAN

Kòd ki anba yo inik ak liv tès ou an. Kopye yo sou fèy repons ou an nan kare A ak B yo epi ranpli ti wonn ki koresponn yo egzateman jan yo montre l.

- Ou dwe itilize yon kreyon No. 2.
- Ak anpil atansyon make yon sèl repons pou chak kesyon.
- Asire w ou ranpli tout ti wonn nan byen fonse epi ranpli tout nèt.
- Pa fè okenn lòt mak sou fèy repons lan.
- Si w ap efase, efase nèt. Si ou pa fin efase yon bagay nèt yo kapab ba l nòt tankou se yon repons ou chwazi.
- Itilize sèlman espas repons ki koresponn ak nimewo kesyon yo.

SÈVI AK LIV TÈS OU AN

- Ou ka itilize liv tès la pou travay sou bouyon, men ou p ap jwenn kredi pou okenn bagay ou ekri nan liv tès ou a.
- Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons yo ki nan liv tès la sou fèy repons ou an oswa ranpli ti wonn yo.
- Ou pa dwe pliye oswa retire paj yo oswa moso nan yon paj nan liv sa a, oswa retire liv la oswa fèy repons la nan sal tès la.

NÒT

- Pou chak repons kòrèk, w ap resevwa yon pwen.
- Ou pa pèdi pwen pou repons ki pa bon; se poutèt sa, ou ta dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa sèten si repons lan kòrèk.

A Form Code			
A	B	C	D
(A)	(A)	(A)	(0)
(B)	(B)	(B)	(1)
(C)	(C)	(C)	(2)
(D)	(D)	(D)	(3)
(E)	(E)	(E)	(4)
(F)	(F)	(F)	(5)
(G)	(G)	(G)	(6)
(H)	(H)	(H)	(7)
(I)	(I)	(I)	(8)
(J)	(J)	(J)	(9)
(K)	(K)	(K)	
(L)	(L)	(L)	
(M)	(M)	(M)	
(N)	(N)	(N)	
(O)	(O)	(O)	
(P)	(P)	(P)	
(Q)	(Q)	(Q)	
(R)	(R)	(R)	
(S)	(S)	(S)	
(T)	(T)	(T)	
(U)	(U)	(U)	
(V)	(V)	(V)	
(W)	(W)	(W)	
(X)	(X)	(X)	
(Y)	(Y)	(Y)	
(Z)	(Z)	(Z)	

B Test ID						
1	2	3	4	5	6	7

Lide ki nan pasaj pou tès sa a, kèk nan yo se ekstrè oswa adaptasyon materyèl ki pibliye, yo pa nesesèman reprezante opinyon College Board la.

PA LOUVWI LIV SA A JISKASKE SIVEYAN AN MANDE W SA.

2.6 Seksyon 1 – Tès Lekti



Tan estanda pou Seksyon 1 an se **65 minit**, ak yon **10 minit pòz** nan fen seksyon. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.

Yon tradiksyon eksplikayon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1, Tès Lekti a. Nou pral pran yon poz kout 5 minit lè seksyon sa a fini. Pa louvri liv tès la jiskaske mwen di w fè sa. Tanpri mete kalkilatris ou an atè anba biwo w lan; ou p ap bezwen l pou seksyon sa a.

Asire w ap itilize yon kreyon No. 2 epi ou ranpli tout ti wonn pou repons ou an nèt epi byen fonse. Si w chanje repons ou an, efase l nèt.

Sonje y ap ba w pwen pou repons kòrèk yo, men ou p ap pèdi pwen pou repons ki pa kòrèk yo. Sa vle di ou ta dwe eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten si repons lan kòrèk.

Chèche Seksyon 1 nan fèy repons ou an. Asire w ke ou make repons ou yo nan espas nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 1 an. Louvri liv tès ou a nan Seksyon 1, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

Apre 30 minit, siveyan w lan pral di:



Ou gen 35 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 60 minit, siveyan w lan pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 65 minit, siveyan w lan pral di:



Sispenn travay epi depoze kreyon w. Fèmen fèy repons ou an epi mete l anndan devan liv tès ou an. Fèmen liv tès ou an, epi kite l sou biwo ou an. Kounyeya n ap fè yon ti kanpe pou nou pran yon ti poz 10 minit.

Ou pa dwe itilize telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pandan poz oswa nenpòt lòt poz. Si w te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje a sèlman. Pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba w la, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk okenn moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo.

Nou pral kòmanse fè tès la ankò nan egzakteman 10 minit.

2.6.1 Pou Poz la

Nan fen pòz la, siveyan w lan pral di:



- Tanpri pran plas ou.

2.6.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 1 Liv Tès la



Bagay sa yo ki anba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 1 nan liv tès ou an.

65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 nan fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj oswa de pasaj ansanm ki anba yo gen yon kantite kesyon ki swiv . Apre ou fin li chak pasaj oswa de pasaj ansanm, chwazi repons ki pi bon pou chak kesyon baze sou sa ki endike oswa sa yo vle di nan pasaj la oswa pasaj yo ak nenpòt desen ki akonpanye yo (tankou yon tab oswa graf).

2.7 Deklarasyon Sètifikasyon

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:



- Lè ou remèt fèy repons ou an, ou dakò ou p ap, nan okenn sikorans, soti ak okenn kesyon tès yo nan sal tès la, pataje yo ak nenpòt moun, oswa diskite yo ak nenpòt moun pa nenpòt ki mwayen, landan yo men ka gen lòt mwayen tankou, imèl, tèks mesaj , oswa entènèt. Kondisyon sa yo te ekri nan *SAT School Day Student Guide (Gid pou Elèv Jounen SAT yo)* la ak sou entènèt nan sat.org.

Retire fèy repons ou an, men kite liv tès ou an fèmen. Ale nan paj dèyè fèy repons lan, epi chèche Deklarasyon Sètifikasyon an. Apre ou fin li paragraf la sou règleman yo nan pati anba a, kopye deklarasyon an jan ou konn ekri alamen - li ok pou ekri an lèt detache oswa ak lèt kole yonn ak lòt. Apresa, siyen tout non w jan ou t ap fè l nan yon dokiman ofisyèl. Akote siyati w, mete dat jodia. Leve tèt ou lè w fini.

Sa ki pi ba a se yon tradiksyon Deklarasyon Sètifikasyon an ki dèyè fèy repons ou an. Kopye deklarasyon an nan lang Anglè, pa kopye tradiksyon yo bay la a.

Mwen konfime mwen se moun non l ekri nan fèy repons lan epi mwen pran angajman pou swiv politik sekirite ak jistis tès la jan sa dekri nan gid pou tès yo.

2.8. Seksyon 2- Tès Ekriti ak Langaj



Tan estanda pou Seksyon 2 se 35 minit . Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.

Yon tradiksyon eksplikayon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

- Yon fwa nou kòmanse, nou pral gen 35 minit pou travay nan Seksyon 2, Tès Ekriti ak Lang. Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon. Tanpri mete kalkilatris ou an atè anba biwo w lan; ou p ap bezwen l pou seksyon sa a.

Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an plat sou biwo w lan.

Kounye a chèche Seksyon 2 nan fèy repons ou an. Asire w ou make repons ou yo nan espas ki gen nimewo ki koresponn ak kesyon ki gen menm nimewo a nan Seksyon 2 a. Louvri liv tès ou an nan Seksyon 2 a, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya.

Apre 15 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 20 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 30 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 35 minit, siveyan w lan pral di:

- Sispann travay epi depoze kreyon w.

Mete fèy repons ou an nan paj ki nan liv tès ou an kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou an.

2.8.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la



Sa ki anba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 2 nan liv tès ou a.

35 minit, 44 KESYON (LÈ ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 nan fèy repons ou an pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj ki anba a gen yon kantite kesyon ki vin avèk li. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka revize pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka modifye pou korije erè nan estrikti faz, itilizasyon, oswa ponktiyasyon. Yon pasaj oswa yon kesyon ka gen youn oswa plis grafik ki mache avèk li (tankou yon tab oswa graf) ou pral konsidere pandan w ap pran desizyon pou revize epi modifye yo.

Kèk kesyon pral voye w nan yon pòsyon ki soulinye nan yon pasaj. Lòt kesyon yo pral voye w nan yon pati nan yon pasaj oswa mande w pou panse sou tout pasaj la.

Apre ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki pi sanble li ka amelyore ak efikasite kalite jan pasaj la ekri oswa ki fè pasaj la konfòm ak konvansyon estanda Anglè ekri. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "NO CHANGE" (PA CHANJE). Chwazi opsyon sa a si w panse pi bon chwa a se kite pòsyon ki enpòtan nan pasaj la jan l ye a.

2.9 Seksyon 3–Tès Matematik – San Kalkilatris



Tan estanda a pou Seksyon 3 a se **25 minit**, ak yon **5 minit poz** nan fen seksyon an. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.

Yon tradiksyon eksplikayon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 25 minit pou travay sou Seksyon 3 a, Tès Matematik san Kalkilatris la. Nou pral pran yon pòz tou kout lè seksyon sa a fini.

Malgre se yon seksyon matematik, ou pa gen dwa sèvi ak yon kalkilatris nan pati sa a nan tès la epi ou dwe kenbe kalkilatris ou an anba biwo w lan sof si w gen yon aranjman ki apwouve pou sèvi ak yon kalkilatris ak 4 fonksyon. Èske w gen nenpòt kesyon?

Eksplikasyon sou kijan pou mete repons ou an pou kesyon ki make "Student-Produced Responses" (Repons Elèv Bay) nan liv tès ou an. Repons pou kesyon sa yo kapab kout, men pa pi long, pase 4 karaktè. Asire w ou make repons ou yo nan espas nimewote ki koresponn ak kesyon ki gen menm nimewo a nan Seksyon 3 a.

Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounyeya, ouvri liv tès ou an epi mete fèy repons ou an deyò. Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an plat sou biwo w lan. Chèche Seksyon 3 nan fèy repons ou yo. Kounyeya ale nan Seksyon 3 nan liv tès ou an, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya.

Apre 10 minit, siveyan w lan pral di:



Ou gen 15 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 20 minit, siveyan w lan pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 25 minit, siveyan w lan pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon w.

Mete fèy repons ou an nan paj ki nan liv tès ou an kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou an, epi kite l sou biwo ou an. Nou pral pran yon poz 5 minit. Si w te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje a sèlman. Jan nou te di sa, pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba w la, koulwa a, oswa twalèt la. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk okenn moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo. Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 5 minit.

2.9.1 Pandan Poz la

Nan fen pòz la, siveyan w lan pral di:



Tanpri pran plas ou.

2.9.2 Eksplikasyon pou Seksyon 3 Liv Tès la



Sa ki anba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 3 nan liv tès ou an.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 3 nan fèy repons ou an pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-15, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo te bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn nan sou fèy repons lan. **Pou kesyon 16-20**, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou an nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri, al gade nan eksplikasyon yo anvan kesyon 16 la sou kijan pou antre repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou an kòm bouyon.

NÒT

- Yo pa pèmèt ou itilize kalkilatris.
- Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nom reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay
- Sòf si yo bay lòt enfòmasyon, domèn nan yon fonksyon f se seri tout chif reyèl x kote ki $f(x)$ se yon chif reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2} bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} \ell wh$$

Kantite degré ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan yon ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degré se 180 degré.

EKSPLIKASYON


Pou kesyon 16-20, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou an nan griy la, jan sa dekri anba a, sou fèy repons lan.

- Menm si sa pa obligatwa, yo sijere w ekri repons ou an nan kare ki anlè tèt kolòn yo pou ede w byen ranpli ti wonn yo. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
- Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt ki kolòn.
- Pa gen kesyon ki gen repons negatif.
- Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.


5. **Nonm miks** tankou $3\frac{1}{2}$ Mixed
numbers dwe rantre nan griy la tankou
3.5 oswa $\frac{7}{2}$. (Si antre nan griy la, li pral
entèprete tankou se $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal:** Si w jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.


Repons: $\frac{7}{12}$




Repons: 2.5



Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la $\frac{2}{3}$ se:



Repons: 201 - kèlkeswa repons la kòrèk



NÒT:

Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

3 Tèks Estanda SAT a Tès Matematik - Kalkilatris ak Redaksyon SAT

3.1 Seksyon 4—Tès Matematik – Kalkilatris



Tan estanda pou Seksyon 4 la se **55 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.

Yon tradiksyon eksplikayon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay nan Seksyon 4 la, Tès Matematik ak Kalkilatris.

Ou itilize yon kalkilatris pou seksyon sa a. Tanpri mete kalkilatris ou deyò epi mete l nan mitan biwo ou an.

Lè w ap itilize yon kalkilatris, swiv enstriksyon sa yo:

- Kenbe l plat sou biwo w lan oswa kenbe l pou lòt elèv pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatris ou.
- Si w te pote yon kalkilatris de rezèv oswa batri derezèv, kite yo atè a anba biwo w lan.
- Si kalkilatris ou an gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatris de rezèv, leve men w. Mwen pral wè si sa ou pote derezèv la akseptab. Si w pa gen de rezèv, kontinye tès la. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatris.

Eksplikasyon sou kijan pou mete repons ou an pou kesyon ki make "Student-Produced Responses" (Repons Elèv Bay) nan liv tès ou an. Repons pou kesyon sa yo kapab kout, men pa pi long, pase 4 karaktè. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote a ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 4 la.

Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounyeya, ouvri liv tès ou an epi mete fèy repons ou an deyò. Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an plat sou biwo w lan. Chèche Seksyon 4 nan fèy repons ou yo. Ale nan Seksyon 4 nan liv tès ou an, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya.

Apre 25 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 30 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 50 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 55 minit lan, siveyan w lan pral di:

- Sispenn travay epi depoze kreyon w. Fèmen liv tès la ak fèy repons lan. Mete fèy repons ou an akote liv tès ou an.

Apresa, siveyan w lan pral di:

- ➊ Anvan mwen ranmase materyèl tès yo, tanpri retounen fèy repons ou an (oswa tounen nan paj 16 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk) epi verifye ke w te ranpli nan kòd fòmilè a nan seksyon A a. Kòd fòmilè sa a rekòmande pou yo kapab bay tès ou an yon nòt. Verifye ke w te ranpli seksyon B-E a tou. Tanpri leve men w si w bezwen èd pou fin ranpli nenpòt seksyon.

3.1.1 Pandan Pòz la

Si w ap pran SAT la san Redaksyon, siveyan w lan pral sote pou ale nan "When Testing is Finished" (Apre Tès la Fini).

Apre w fin ranmase ak konte liv tès yo, siveyan w lan pral di:

- ➊ Mete kalkilatris ou an anba biwo w lan. N ap pran yon poz pou detann nou pou 2 minit. Ou pa ka kite sal la oswa diskite kesyon tès la.

Nan fen pòz la, siveyan w lan pral di:

- ➊ Tanpri pran plas ou.

3.1.2 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikayon yo te bay nan kòmansman an nan Seksyon 4 nan liv tès ou an.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 4 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo sou fèy repons lan. Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 22 sou fason pou mete repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou an kòm bouyon.

NÒT


- Ou **kapab** itilize yon kalkilatris.
- Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay.
- Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} \ell wh$$

Kantite degré ak nan yon sèk se 360.


Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degré se 180 degré.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou an nan griy la, jan yo dekri sa pi ba a, sou fèy repons lan.

- Menm si sa pa obligatwa, yo sijere w ekri repons ou an nan kare yo ki anlè tèt kolòn yo pou ede w byen ranpli ti wonn yo. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
- Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt ki kolòn.
- Pa gen kesyon ki gen repons negatif.
- Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Nonm miks** tankou $3\frac{1}{2}$  Mixed
numbers dwe rantre nan griy la tankou 3.5 oswa 7/2. (Si antre nan griy la, li pral entèprete tankou se $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal:** Si w jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons
la nan
bwat yo.

7	/	1	2
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Mete rezulta
a nan griy la.

← Fraksyon

Repons: 2.5

	2	.	5
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Pwen
desimal

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la $\frac{2}{3}$ se:

	2	/	3
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 - kèlkeswa repons la kòrèk

	2	0	1
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:

Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

3.2 Redaksyon SAT



*Tan estanda pou Redaksyon SAT la se **50 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.*

Yon tradiksyon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon w lan (sou fèy repons lan) ak eksplikasyon pou liv Redaksyon an parèt apre eksplikasyon tradwi ki bay aloral yo.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:



Kounyeaya mwen pral bay nou chak yon liv redaksyon. Pa louvri liv Redaksyon an jiskaske mwen di nou fè sa.

Apresa siveyan w lan pral di:



Lè w jwenn liv Redaksyon w lan, vire l epi ekri siyati w, prenon w, ak dezyèm prenon w lan, si w gen youn. Apresa a ekri nimewo kòd lekòl sa a_____, non lekòl la___, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Aprèsa, siveyan w lan pral di:



Kounyeaya, louvwi fèy repons ou an nan paj 6. Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, louvri l nan paj 30 la. Sou do liv Redaksyon w lan, chèche Kòd Redaksyon an. Kopye Kòd Redaksyon w lan nan seksyon an sou fèy repons ou an egzakteman jan li parèt sou do liv Redaksyon w lan epi ranpli nan wonn ki koresponn nan. Seksyon sa a dwe byen ranpli, oswa w p ap resevwa nòt pou redaksyon w lan.

Kite fèy repons ou an louvri nan paj sa a, epi pran yon ti moman pou li deklarasyon sou itilizasyon redaksyon w lan; lè sa a, deside si wi ou non w ap make ti wonn nan (oswa kare a) Lè w fin li l, tanpri leve tèt ou.

Lè tout elèv gen yon Liv Redaksyon, siveyan w lan pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 50 minit pou travay sou Redaksyon SAT la. Ou ka pran nòt epi planifye redaksyon w l lan sou Paj Planifikasyon ki pa gen liy nan, men yo p ap ba w nòt pou anyen ou ekri nan paj la. Lè w pare, ou pral bezwen kòmanse ekri redaksyon w lan nan premye paj ki gen liy nan, ki di "Begin Your Essay Here" (Kòmanse Redaksyon W lan La). Ou dwe ekri redaksyon w lan sou paj fèy repons ki awopriye yo epi nan liy ki make yo. Pa kontinye ekri apre kote ki ekri "STOP" (Kanpe) la sou dènye liy nan paj la, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pap resevwa nòt. Ou pa otorize pou gen okenn paj an plis. Ou dwe ekri redaksyon w lan avèk yon kreyon Nimewo 2. Si w pa itilize yon kreyon Nimewo 2, redaksyon w lan ap parèt vid. Si w kite redaksyon an vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou redaksyon an.

Apresa siveyan w lan pral di:



Li eksplikasyon sou kouvèti liv Redaksyon w lan, epi louvwi liv Redaksyon w lan epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeaya.

Apre 25 minit yo pase, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 45 minit, sipèvizè w lan pral di:

- Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 50 minit, siveyan w lan pral di:

- Sispann travay epi depoze kreyon w. Fèmen fèy repons ou an ak liv Redaksyon w lan.
Mete fèy repons ou an akote liv Redaksyon w lan.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Konpliman - ou fèk fini tès la! Tanpri chita san fè bri pandan m ap ranmase epi konte liv tès yo.

3.2.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon enstriksyon ki sou kouvèti a devan liv Redaksyon w lan.

EKSPLIKASYON

Redaksyon an ba w yon opòtinite pou montre ki jan ou kapab li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon w lan, ou ta dwe demontre ke w te li pasaj la ak anpil atansyon, prezante yon analiz klè ak lojik, epi sèvi ak yon langaj ak presizyon.

Ou dwe ekri redaksyon w sou liy yo bay nan ti liv repons ou an; Eksepte pou paj Planifikasyon nan ti liv repons lan, ou pap resevwa okenn lòt papye pou ekri. Ou pral gen ase espas si w ekri sou chak liy, evite kite espas twò laj, epi kenbe ekriti w lan nan yon gwozè rezonab. Sonje ke moun ki pa abitye ak ekriti w lan pral li sa w ekri a. Eseye ekri oswa ekri ak lèt detache pou lektè yo kapab li sa w te ekri yo.

Ou gen 50 minit pou li pasaj la epi ekri yon redaksyon pou reponn ak sa yo bay anndan ti liv sa a.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON
OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈS SA A SAN
OTORIZASYON.

RAPÈL

- Pa ekri redaksyon w lan nan ti liv sa a. Se sèlman sa w ekri sou paj ki gen liy nan ti liv repons ou an yo pral evalye.
- Yo p ap evalye yon redaksyon ki pa rete nan sijè a.

3.3 Lès Tès La Fini

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Kounyeya tandem enfòmasyon empòtan sa a. Si w vle anile nòt ou an anvan ou deplase, mande m yon dokiman ki rele Request to Cancel Test Scores (Demann pou Anile Nòt Tès la), ou dwe ranpli l anvan w kite sal la. Pou anile nòt ou an pita, ou dwe enfòme College Board (Konsèy Invèsite) la pa alekri nan dènye delè 11:59 p.m. Lè Zòn Lès sou 4yèm jou nan semèn nan apati jounen jodi a.

Voye demann anilasyon an pa lapòs oswa pa faks nan demen. Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon mesaj imel oswa yon kout fil nan telefòn.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Si w toujou gen enfòmasyon nontès (nontest information) pou ranpli sou fèy repons ou an, enkli nenpòt chanjman ou fè nan seksyon 14 la, kote ou kapab chwazi ki inivèsite oswa pwogram bousdetid ou vle resevwa nòt ou yo, tanpri louvri fèy repons ou an nan paj 2 (oswa nan paj 5 pou yon fèy repons an gwo blòk. Chita byen kalm epi pa ekri anyen sou fèy repons ou an pandan m ap voye lòt elèv yo ale. Nan kèk minit m ap ede w ranpli fèy repons ou an.

3.4 Ranpli Fèy Repons yo

 Si w te ranpli enfòmasyon pèsonèl ou yo sou fèy repons ou an, kite fèy repons ou an fèmen. Siveyan w lan pral sote dirèkteman nan Ramasaj Fèy Repons yo pou pran fèy repons ou an. Oswa, rete chita kalm pandan y ap voye lòt etidyan yo ale.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Swiv ti liv Enstriksyon Fèy Repons Elèv ou an pandan m ap li enstriksyon yo pou ou.

Pou seksyon 9-13, siveyan w lan pral di:

- Ale nan paj 2 a (oswa paj 4 nan fèy repons an gwo blòk la), epi mete adrès ou an nan seksyon 9-12 la. Kite seksyon 13 la vid. Leve men w si w gen nenpòt kesyon. Leve tèt ou lè w fini.

Pou seksyon 14 la, siveyan w lan pral di:

- Jwenn seksyon 14 nan paj 2 fèy repons ou an (paj 5 fèy repons an gwo blòk la). Lè w fè SAT la kòm yon pati nan SAT pandan yon Jounen lekòl, ou gen dwa pou voye nòt ou yo - gratis - bay yon kantite ki se kat inivèsite oswa pwogram. Ou pa oblige fini seksyon sa a. Kolèj ak inivèsite yo toujou anvi jwenn nòt elèv yo, menm si w pa pare pou aplike.

Jwenn Lis Kòd Rapò Nòt la nan *Student Answer Sheet Instructions (Fèy Enstriksyon Etidyan an)*. Itilize lis sa a pou jwenn nimewo 4 chif lekòl oswa pwogram bousdetid kote ou vle voye nòt ou yo a. Kolèj ak inivèsite Etazini yo an premye nan lòd pa eta, epi pa non nan lòd alfabetik. Enstitisyon ki nan teritwa Etazini yo vini touswit, apresa enstitisyon entènasyonal yo ap vini. Lis final nan dokiman sa a montre pwogram bousdetid ki mansyone pa eta oswa pa peyi, nan lòd alfabetik.

Pou chak kote ou vle voye nòt ou yo, kopye kat chif yo nan bwat yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo (si w ap itilize fèy repons an gwo blòk la, ekri chif yo byen klè nan fason w kapab). Fè m konnen si w genyen kesyon.

Leve tèt ou lè w fini.

Apresa, siveyan w lan pral di:

- ➊ Si w pa genyen lòt enfòmasyon pou mete nan fèy repons ou an, fèmen *Fèy Enstriksyon Etidyan an* ak fèy repons ou an, epi mete fèy repons lan fas anlè sou biwo w lan. M ap ede lòt etidyan yo kòmanse ranpli rès fèy kesyon an, epi pandan y ap travay, m ap voye nenpòt moun ki fini tès la ale.

Si w te déjà ranpli seksyon 15-38 yo sou fèy repons ou an, ale nan Ramasaj Fèy Repons lan epi tann siveyan w lan li pwochen ekriti yo pou etidyan yo.

Pou seksyon 15 lan, siveyan w lan pral di:

- ➋ Ale nan paj 3 (oswa rete nan paj 5 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk). Seksyon 15 lan mande si w ta renmen patisipe nan Student Search Service (Sèvis Rechèch Elèv). Sèvis sa a ka ede w konekte ak opòtinite yo. Di "Wi" pou sèvis sa a pèmèt pwogram bousdetid kolèj, ak lòt òganizasyon voye enfòmasyon sou opòtinite èd edikasyonèl ak finansye yo ofri. Kolèj ak inivèsite ak bousdetid ak lòt pwogram edikasyonèl ki mande sa pral resevwa enfòmasyon ou te founi sou fèy repons lan, men yo p ap resevwa nòt reyèl tès ou yo oswa nimewo telefòn ou. Gen plis enfòmasyon konsènan Sèvis Rechèch Elèv la nan *Enstriksyon sou Fèy Repons Elèv* ou an. Si w pa reponn epi ou te déjà fè chwa pou patisipe nan sèvis sa a, College Board la ap kontinye bay enfòmasyon w yo. Tanpri fè chwa w.

Pou seksyon 16 la, siveyan w lan pral di:

- ➌ Si ou ta renmen resevwa enfòmasyon College Board la ap voye pa imèl, ki gen ladan I enfòmasyon sou nòt ou lè yo vin disponib sou entènèt, ekri adrès imèl ou an epi ranpli ti wonn ki koresponn nan bwat 16 la. Sa nan paj 6 a si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk. Endike nan tèt seksyon an si wi ou non adrès imèl sa a se pou ou oswa adrès yon paran oswa yon titè legal. Si w bay pwòp adrès imel ou (pa imèl paran oswa titè legal) epi w dakò pou patisipe nan Sèvis Rechèch Elèv la nan seksyon 15 lan, ou ka jwenn enfòmasyon sou kolèj yo voye nan adrès imèl ou an.

Pou tout elèv yo, pou seksyon 17 la, siveyan w lan pral di:

- ➍ Seksyon 17 la mande nimewo telefòn selilè Etazini w lan. Se sèlman nimewo telefòn selilè Etazini yo aksepte. Tanpri revize dokiman mwen te ba w la sou Mobile Opt-In Policies (Règleman Mobile Opt-In) nan anvan w deside si pou bay nimewo w. W ap kapab ale ak dokiman sa a lakay ou pou referans nan apre. Lè w bay nimewo ou, ou dakò pou resevwa tèks mesaj College Board la ap voye konsènan SAT, pou patisipe nan sondaj rechèch yo, epi pou resevwa enfòmasyon gratis sou sèvis planifikasyon pou kolèj la. Y ap aplike pri estanda pou tèks mesaj. Ou ka refize nenpòt ki lè. College Board la p ap pataje nimewo telefòn ou bay lòt òganizasyon.

Seksyon sa a pa obligatwa. Si w dakò ak tèm sa yo, antre nimewo telefòn ou epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Tanpri leve tèt ou lè w fini.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

- ➎ Kounyeya nou pral ranpli rès kesyon nontès yo (nontest questions), ki mande plis enfòmasyon sou ou, nivo fòmasyon w, eksperyans, ak ak nenpòt lòt aktivite ak enterè andeyò lekòl la.

Gen kèk avantaj pou ou lè w ranpli enfòmasyon sa yo ki pa obligatwa. Avèk pèmisyon w, nou bay kolèj, inivèsite, ak founisè bousdetid yo, epi yo itilize yo pou idantifye elèv ki ka enterese nan opòtinite yo ofri. Sepandan, li enpòtan pou konnen College Board la ap kapab itilize enfòmasyon sa yo tou epi bay lòt moun yo pou lòt sèvis tankou rechèch.

Ou ka ranpli seksyon sa a oswa kite l vid - sa depann de ou. Si paran w oswa titè w te di ou pa ta dwe ranpli okenn enfòmasyon opsyonèl oswa volontè yo, tanpri chita dousman lè n ap fè aktivite sa yo. PA ranpli okenn kesyon ki mande enfòmasyon paran oswa titè w te di w pa bay yo.

Enstriksyon sou fason pou ranpli seksyon sa yo nan *ti liv Enstriksyon Fèy Repons Etidyan yo*, ki kòmanse nan paj 3 an. Swiv enstriksyon yo pou ranpli seksyon 18-21 yo. Apresa ale nan do kouvèti fèy repons ou an pa anndan (oswa paj 8 nan fèy repons an gwo blòk ou an) pou ranpli seksyon 22-38 yo. Leve men w si w gen nenpòt kesyon.

Lè w fini, fèmen *ti liv Enstriksyon Fèy Repons Etidyan w lan* epi mete l akote fèy repons ou an sou biwo w lan. Mete fèy repons ou an fas atè sou biwo w lan. Tanpri, rete tann trankil lòt moun yo fini.

3.5 Koleksyon Fèy Repons

Men sa siveyan w lan pral di elèv ki prè pou ale yo:

- ➊ Sonje byen, ou pa ta dwe, nan nenpòt sikontans, retire nenpòt kesyon tès nan sal tès la, bay nenpòt ki moun, oswa diskite sou yo ak nenpòt moun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan imèl, mesaj tèks, oswa entènèt.

Men sa siveyan w lan pral di elèv ki te fè redaksyon SAT la:

- ➋ Anplis de sa, ou pa otorize pou diskite osinon pataje kesyon redaksyon jodi a jiskaske redaksyon an disponib sou entènèt la.

Pou elèv ki bezwen pran zafè pèsonèl yo, sipèvizè w lan ap di:

- ➌ Nou fin bay tès sa a kounyeya. Pandan w ap prepare w pou ale, tanpri vin pran zafè pèsonèl ou yo mwen te kolekte nan men anvan an. Yon fwa ou gen tout bagay ou yo, ou ka sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò ou te fè.

Pou elèv ki gen tout bagay yo, sipèvizè w lan ap di:

- ➍ Nou fin bay tès sa a kounyeya. Ranmase bagay ou yo, epi sòti nan sal la byen kalm. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò ou te fè.

4 Ekriti SAT Estanda Sal Konbine Tès Matematik - Kalkilatris ak Redaksyon SAT

4.1 Seksyon 4—Tès Matematik – Kalkilatris



Tan estanda pou Seksyon 4 la se **55 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan pral li a.

Yon tradiksyon eksplikayon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay nan Seksyon 4 la, Tès Matematik ak Kalkilatris.

Ou itilize yon kalkilatris pou seksyon sa a. Tanpri mete kalkilatris ou deyò epi mete l nan mitan biwo ou an.

Lè w ap itilize yon kalkilatris, swiv enstriksyon sa yo:

- Kenbe l plat sou biwo w lan oswa kenbe l pou lòt elèv pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatris ou.
- Si w te pote yon kalkilatris de rezèv oswa batri derezèv, kite yo atè a anba biwo w lan.
- Si kalkilatris ou an gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatris de rezèv, leve men w. Mwen pral wè si sa ou pote derezèv la akseptab. Si w pa gen de rezèv, kontinye tès la. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatris.

Eksplikasyon sou kijan pou mete repons ou an pou kesyon ki make "Student-Produced Responses" (Repons Elèv Bay) nan liv tès ou an. Repons pou kesyon sa yo kapab kout, men pa pi long, pase 4 karaktè. Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote a ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 4 la.

Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounyeya, ouvri liv tès ou an epi mete fèy repons ou an deyò. Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an plat sou biwo w lan. Chèche Seksyon 4 nan fèy repons ou yo. Ale nan Seksyon 4 nan liv tès ou an, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya.

Apre 25 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 30 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 50 minit, siveyan w lan pral di:

- Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 55 minit lan, siveyan w lan pral di:

- Sispenn travay epi depoze kreyon w. Fèmen liv tès la ak fèy repons lan. Mete fèy repons ou an akote liv tès ou an.

Apresa, siveyan w lan pral di:

- ➊ Anvan mwen ranmase materyèl tès yo, tanpri retounen fèy repons ou an (oswa tounen nan paj 16 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk) epi verifye ke w te ranpli nan kòd fòmilè a nan seksyon A a. Kòd fòmilè sa a rekòmande pou yo kapab bay tès ou an yon nòt. Verifye ke w te ranpli seksyon B-E a tou. Tanpri leve men w si w bezwen èd pou fin ranpli nenpòt seksyon.

Apre w fin ranmase ak konte liv tès yo, siveyan w lan pral di:

- ➋ Si w ap fè yon Redaksyon, tanpri mete kalkilatris ou an anba biwo w lan epi mete fèy repons ou an plat atè sou biwo w lan. Si w ap fè yon redaksyon, felisitasyon, ou fèk fini tès ou an! Mete fèy repons ou an plat atè sou biwo w lan pou m ka verifye lè m ap ranmanse l. Tanpri, tout moun rete chita kalm pandan m ap bay enstriksyon epi pandan m ap ranmase materyèl nan men elèv ki prale yo.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- ➌ Kounyeaya tandem enfòmasyon enpòtan sa a. Si w vle anile nòt ou an anvan ou deplase, mande m yon dokiman ki rele Request to Cancel Test Scores (Demann pou Anime Nòt Tès la), ou dwe ranpli l anvan w kite sal la. Pou anile nòt ou an pita, ou dwe enfòme College Board (Konsèy Inivèsite) la pa alekri nan dènye delè 11:59 p.m. Lè Zòn Lès sou 4yèm jou nan semèn nan apati jounen jodi a.
Voye demann anilasyon an pa lapòs oswa pa faks nan demen. Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon mesaj imel oswa yon kout fil nan telefòn.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- ➍ Si w panse ou t ap renmen fè chanjman nan seksyon 14 la sou fèy repons ou an, kote ou chwazi kolèj ak pwogram bousdetid ou vle resevwa nòt pou li a, tanpri leve men w.

4.1.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikayon yo te bay nan kòmansman an nan Seksyon 4 nan liv tès ou an.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 4 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay la, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo sou fèy repons lan. **Pou kesyon 31-38**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 22 sou fason pou mete repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou an kòm bouyon.

NÒT


- Ou **kapab** itilize yon kalkilatris.
- Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
- Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay.
- Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2} bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} \ell wh$$

Kantite degré ak nan yon sèk se 360.


Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degré se 180 degré.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou an nan griy la, jan yo dekri sa pi ba a, sou fèy repons lan.

- Menm si sa pa obligatwa, yo sijere w ekri repons ou an nan kare yo ki anlè tèt kolòn yo pou ede w byen ranpli ti wonn yo. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
- Pa make plis pase yon sèl wonn nan nenpòt ki kolòn.
- Pa gen kesyon ki gen repons negatif.
- Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Nonm miks** tankou $3\frac{1}{2}$  Mixed
numbers dwe rantre nan griy la tankou 3.5 oswa 7/2. (Si antre nan griy la, li pral entèprete tankou se $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal:** Si w jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons
la nan
bwat yo.

7	/	1	2
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Mete rezulta
a nan griy la.

Repons: 2.5

	2	.	5
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Pwen
desimal

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la $\frac{2}{3}$ se:

	2	/	3
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 - kèlkeswa repons la kòrèk

	2	0	1
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:

Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

4.2 Nòt ki Fini ap Ranvwaye

Si w fin ranpli enfòmasyon pèsonèl ou yo sou fèy repons ou an, siveyan w lan pral kolekte fèy repons ou an epi fè Ramasaj Fèy Repons yo Touswit.

Si w pat fin ranpli enfòmasyon pèsonèl ou an sou fèy repons lan, oswa si w te ranpli enfòmasyon pèsonèl yo, men w vle chanje chwa ou yo sou ki kote pou voye nòt ou yo nan seksyon 14, siveyan w lan pral mande w pou w chita tou dousman pandan l ap voye lòt elèv yo ale.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- 👉 Pou fè chanjman nan kolèj ak pwogram bousdetid ou te resevwa nòt pou yo a, louvwi fèy repons ou an nan paj 2 (oswa paj 5 pou yon fèy repons an gwo blòk la). Si w pa genyen okenn chanjman pou fè, tanpri chita kalm epi kite fèy repons ou an fèmen.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- 👉 Swiv ti liv Student Answer Sheet Instructions (*Enstriksyon Fèy Repons Elèv*) ou an pandan m ap li enstriksyon yo pou ou.

Pou seksyon 14 la, siveyan w lan pral di:

- 👉 Jwenn seksyon 14 nan paj 2 fèy repons ou an (paj 5 fèy repons an gwo blòk la). Lè w fè SAT la kòm yon pati nan SAT pandan yon Jounen lekòl, ou gen dwa pou voye nòt ou yo - gratis - bay yon kantite ki se kat inivèsite oswa pwogram. Ou pa oblige fini seksyon sa a. Kolèj ak inivèsite yo toujou anvi jwenn nòt elèv yo, menm si w pa pare pou aplike.

Jwenn Lis Kòd Rapò Nòt la nan *ti liv Fèy Enstriksyon Etidyan an*. Itilize lis sa a pou jwenn nimewo 4 chif lekòl oswa pwogram bousdetid kote ou vle voye nòt ou yo a. Kolèj ak inivèsite Etazini yo an premye nan lòd pa eta, epi pa non nan lòd alfabetik. Enstitisyon ki nan teritwa Etazini yo vini touswit, apresa enstitisyon entènasyonal yo ap vini. Lis final nan dokiman sa a montre pwogram bousdetid ki mansyone pa eta oswa pa peyi, nan lòd alfabetik.

Pou chak kote ou vle voye nòt ou yo, kopye kat chif yo nan bwat yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo (si w ap itilize fèy repons an gwo blòk la, ekri chif yo byen klè nan fason w kapab). Fè m konnen si w genyen kesyon.

Leve tèt ou lè w fini.

Apresa, siveyan w lan pral di:

- 👉 Fèmen Fèy Respons Enstriksyon Elèv la ak fèy repons ou an. Si w ap tann pou w kapab fè yon Redaksyon, asire w fèy repons ou an fas atè sou biwo w lan. Si w fini ak tès ou an, mete fèy repons ou an fas atè pou m kapab verifye l lòske m ap ranmase l nan men w.

4.3 Ranmasaj Fèy Repons

Men sa siveyan w lan pral di elèv ki prè pou ale yo:

- Sonje byen, ou pa ta dwe, nan nenpòt sikontans, retire nenpòt kesyon tès nan sal tès la, bay nenpòt ki moun, oswa diskite sou yo ak nenpòt moun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan imèl, mesaj tèks, oswa entènèt.

Pou elèv ki bezwen pran zafè pèsonèl yo, sipèvizè w lan ap di:

- Nou fin bay tès sa a kounyeya. Pandan w ap prepare w pou ale, tanpri vin pran zafè pèsonèl ou yo mwen te kolekte nan men anvan an. Yon fwa ou gen tout bagay ou yo, ou ka sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò ou te fè.

Pou elèv ki gen tout bagay yo, sipèvizè w lan ap di:

- Nou fin bay tès sa a kounyeya. Ranmase bagay ou yo, epi sòti nan sal la byen kalm. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò ou te fè.

4.4 Redaksyon SAT

 *Tan estanda pou Redaksyon SAT la se **50 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons siveyan w lan ap li a.*

Yon tradiksyon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon w lan (sou fèy repons lan) ak eksplikasyon pou liv Redaksyon an parèt apre eksplikasyon tradwi ki bay aloral yo.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Kounyeya mwen pral bay nou chak yon liv redaksyon. Pa louvri liv Redaksyon an jiskaske mwen di nou fè sa.

Apresa siveyan w lan pral di:

- Lè w jwenn liv Redaksyon w lan, vire l epi ekri siyati w, prenon w, ak dezyèm prenon w lan, si w gen youn. Apresa ekri nimewo kòd lekòl sa a_____, non lekòl la_____, ak nimewo sal sa a (oswa non) _____.

Aprèsa, siveyan w lan pral di:

- Kounyeya, louvwi fèy repons ou an nan paj 6. Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk, louvri l nan paj 30 la. Sou do liv Redaksyon w lan, chèche Kòd Redaksyon an. Kopye Kòd Redaksyon w lan nan seksyon an sou fèy repons ou an egzakteman jan li parèt sou do liv Redaksyon w lan epi ranpli nan wonn ki koresponn nan. Seksyon sa a dwe byen ranpli, oswa w p ap resevwa nòt pou redaksyon w lan.

Kite fèy repons ou an louvri nan paj sa a, epi pran yon ti moman pou li deklarasyon sou itilizasyon redaksyon w lan; lè sa a, deside si wi ou non w ap make ti wonn nan (oswa kare a) Lè w fin li l, tanpri leve tèt ou.

Lè tout elèv gen yon Liv Redaksyon, siveyan w lan pral di:

- ➊ Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 50 minit pou travay sou Redaksyon SAT la. Ou ka pran nòt epi planifye redaksyon w lan sou Paj Planifikasyon ki pa gen liy nan, men yo p ap ba w nòt pou anyen ou ekri nan paj la. Lè w pare, ou pral bezwen kòmanse ekri redaksyon w lan nan premye paj ki gen liy nan, ki di "Begin Your Essay Here" (Kòmanse Redaksyon W lan La). Ou dwe ekri redaksyon w lan sou paj fèy repons ki apwopriye yo epi nan liy ki make yo. Pa kontinye ekri apre kote ki ekri "STOP" (Kanpe) la sou dènye liy nan paj la, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pap resevwa nòt. Ou pa otorize pou gen okenn paj an plis. Ou dwe ekri redaksyon w lan avèk yon kreyon Nimewo 2. Si w pa itilize yon kreyon Nimewo 2, redaksyon w lan ap parèt vid. Si w kite redaksyon an vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou redaksyon an.

Apresa siveyan w lan pral di:

- ➋ Li eksplikasyon sou kouvèti liv Redaksyon w lan, epi louvwi liv Redaksyon w lan epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounyeya.

Apre 25 minit yo pase, siveyan w lan pral di:

- ➌ Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre 45 minit, sipèvizè w lan pral di:

- ➍ Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Apre egzakteman 50 minit, siveyan w lan pral di:

- ➎ Sispenn travay epi depoze kreyon w. Fèmen fèy repons ou an ak liv Redaksyon w lan. Mete fèy repons ou an akote liv Redaksyon w lan.

Pou tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- ➏ Konpliman - ou fèk fini tès la! Tanpri chita san fè bri pandan m ap ranmase epi konte liv tès yo.

4.4.1 Eksplikasyon pou Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon enstriksyon ki sou kouvèti a devan liv Redaksyon w lan.

EKSPLIKASYON

Redaksyon an ba w yon opòtinite pou montre ki jan ou kapab li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon w lan, ou ta dwe demonstre ke w te li pasaj la ak anpil atansyon, prezante yon analiz klè ak lojik, epi sèvi ak yon langaj ak presizyon.

Ou dwe ekri redaksyon w sou liy yo bay nan ti liv repons ou an; Eksepte pou paj Planifikasyon nan ti liv repons lan, ou pap resevwa okenn lòt papye pou ekri. Ou pral gen ase espas si w ekri sou chak liy, evite kite espas twò laj, epi kenbe ekriti w lan nan yon gwozè rezonab. Sonje ke moun ki pa abitye ak ekriti w lan pral li sa w ekri a. Eseye ekri oswa ekri ak lèt detache pou lektè yo kapab li sa w te ekri yo.

Ou gen 50 minit pou li pasaj la epi ekri yon redaksyon pou reponn ak sa yo bay anndan ti liv sa a.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈS SA A SAN OTORIZASYON.

4.5 Anvan yo Voye Elèv yo Ale

Lè yo fin ranmase tout materyèl elèv yo, siveyan w lan pral di:

- 👉 Sonje byen, ou pa ta dwe, nan nenpòt sikonstans, retire nenpòt kesyon tès nan sal tès la, bay nenpòt ki moun, oswa diskite sou yo ak nenpòt moun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan imèl, mesaj tèks, oswa entènèt.

Men sa siveyan w lan pral di elèv ki te fè redaksyon SAT la:

- 👉 Anplis de sa, ou pa otorize pou diskite osinon pataje kesyon redaksyon jodi a jiskaske redaksyon an disponib sou entènèt la.

Pou elèv ki bezwen pran zafè pèsonèl yo, sipèvizè w lan ap di:

- 👉 Nou fin bay tès sa a kounyeya. Pandan w ap prepare w pou ale, tanpri vin pran zafè pèsonèl ou yo mwen te kolekte nan men anvan an. Yon fwa ou gen tout bagay ou yo, ou ka sòti nan sal la tou dousman. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò w te fè.

Pou elèv ki gen tout bagay yo, sipèvizè w lan ap di:

- 👉 Nou fin bay tès sa a kounyeya. Ranmase bagay ou yo, epi sòti nan sal la byen kalm. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsyé w pou patisipasyon w ak pou tout efò ou te fè.

RAPÈL

- Pa ekri redaksyon w lan nan ti liv sa a. Se sèlman sa w ekri sou paj ki gen liy nan ti liv repons ou an yo pral evalye.
- Yo p ap evalye yon redaksyon ki pa rete nan sijè a.